



## **Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Reyinyon An Pèsòn ak yon Opsyon Vityèl—13 Out, 2026**

Chè Pati Prenant nan Jistis Anviwònman an,

Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) a ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a nan dat **13 Out, 2026, apati 6:30 pm (EST)**. Manm Konsèy yo pral chita pale sou Sant Done yo. N ap rezève yon lè espesyal nan reyinyon an pou piblik la fè kòmantè jeneral.

**Tanpri, itilize lyen sa a pou w ka enskri nan reyinyon an:**

**[https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN\\_qhJIC54oSivc0EQf4c3BOg](https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_qhJIC54oSivc0EQf4c3BOg)**

**Lojisye.** Reyinyon sa a ap fèt an pèsòn nan First Congregational Church, avèk yon opsyon pou patisipe vityèlman atravè Zoom. Yo prevwa reyinyon an ap dire 90 minit. Blding nan sitiye nan 4 Main Street, Stockbridge, MA 01262. Ou ka rive la avèk bis nimewo 921. Ap gen plas pou estasyon machin nan pakin nan. Tanpri note: Yo chanje kote reyinyon an ap fèt la.

**Sipò pou Entèpretasyon.** Espanyòl, Pòtigè Brezil, Mandaren, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamyen, ak Kreyòl Kap Vè ap disponib vityèlman atravè Zoom. Entèpretasyon an Espanyòl ap disponib an pèsòn. Si ou bezwen entèpretasyon nan yon lòt lang, demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan rankont la kòmanse. Lòt aranjman, ki enkli sèvis Lang Siy Ameriken (ASL), ap disponib sou demann. Pou mande lòt aranjman, sa ki enkli Lang Siy Ameriken (ASL), tanpri voye demann sa a nan yon imèl bay [meetings@erg.com](mailto:meetings@erg.com). Demann ASL yo dwe soumèt twa semèn anvan lè reyinyon an kòmanse.

Pou jwenn enfòmasyon sa a an Anglè an gwo lèt oswa an Bray (tip pwen), rele 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

**Lwa Reyinyon Piblik la.** Konsèy EJ a fonksyone anba Lwa Reyinyon Piblik la [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] ] epi akeyi manm piblik la ki vle obsève reyinyon fòmèl yo.

**Plis Enfòmasyon Sou EJC:** Gouvènè a nonmen EJC a pou konseye epi bay Sekretè EEA a rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Lalwa leta a defini prensip sa yo kòm “prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv nan epi jwi yon anviwònman pwòp epi ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas sosyal, dezabilite/andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans yon moun nan lang Anglè, sa ki enkli: (i) patisipasyon enpòtan tout moun anrapò ak devlopman, aplikasyon ak aplikasyon lwa, règleman ak règleman anviwònman yo, sa ki enkli règleman sou chanjman klima; ak (ii) distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwònman yo ak chay anviwònman yo.” Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a: [<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC a, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistreman ansyen reyinyon yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri, klike sou “Chwazi Lang” sou bò dwat anlè tèt paj wèb la pou w tradui paj la.

Mèsi

María Belén Power  
Sou-Sekretè Jistis ak Ekite Anviwònman an  
Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman